



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014

Pamekar Diajar
BASA SUNDA
Pikeun Murid SD/MI Kelas II

KURIKULUM 2013





DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Pamekar Diajar
BASA SUNDA
Pikeun Murid SD/MI Kelas II

KURIKULUM 2013



Pamekar Diajar

BASA SUNDA

Pikeun Murid SD/MI Kelas II

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Rarancang Gambar: Toto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Arial 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:

DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-00-8 (Jilid Lengkap)
978-602-1300-02-2 (Jilid 2)

Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)



Pangbagéa

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanès mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tètèla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhan guru dina posisi agèn parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotèsis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan



pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gè kalebet guru basa daèrah deuih, tinangtos èta kurikulum bakal tiasa diimplementasikeun kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetènsi guru tèh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarèkah anu kedah kènging pangajèn.

Muga-muga waè harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplementasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.

Bandung, Desember 2013

Kepala Dinas Pendidikan

Provinsi Jawa Barat,



Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya

NIP. 19570807 198601 1 001





Pangbagéa

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *standar kompetensi lulusan, standar isi, standar prosés, sareng standar penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.



Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013
Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.

Pembina Tk. I

NIP. 196110051986031014





Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku Pamekar Diajar Basa Sunda. Ieu buku diajangkeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian

ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidepo getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. *Bismillah*

Bandung, Oktober 2013

Salam ti nu nyusun ieu buku





Daptar Eusi

PANGBAGÉA:

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat _____	iii
Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat _____	v

PANGANTEUR _____	vii
-------------------------	------------

PANGAJARAN 1: HIRUP SAUYUNAN



A. Ngaregepkeun Tembang _____	2
B. Ngajawab Pananya _____	3
C. Mikanyaho Kecap _____	3
D. Nulis Kalimah _____	5
E. Ngalemeskeun Kecap _____	9
F. Nembangkeun Pupuh _____	10
G. Nyangkem Pupuh _____	11
H. Ngalengkepan Kalimah _____	11
I. Nyaritakeun Gambar _____	13

PANGAJARAN 2: KAULINAN



A. Ngaregepkeun Bacaan _____	16
B. Nyangkem Eusi Bacaan _____	18
C. Nyangkem Harti Kecap _____	18
D. Nyaritakeun Eusi Bacaan _____	20
E. Ngalarapkeun Kecap _____	20
F. Ngajembaran Kaulinan _____	22
G. Ngahartikeun Kecap _____	25
H. Ngalarapkeun Kecap Anteuran _____	26
I. Nyebutan Ngaran Bubuhan jeung Tatangkalan _____	27

PANGAJARAN 3: PANCÉN SAPOPOÉ

29



- | | |
|---------------------------------------|----|
| A. Maca Jero Haté _____ | 30 |
| B. Ngajawab Pananya _____ | 32 |
| C. Mikaweruh Kecap _____ | 32 |
| D. Nyaritakeun Eusi Bacaan _____ | 33 |
| E. Ngalarapkeun Undak Usuk Basa _____ | 34 |
| F. Maca Ngajembaran _____ | 36 |
| G. Ngalengkepan Kalimah _____ | 38 |
| H. Migawé Pancén _____ | 40 |

PANGAJARAN 4: LINGKUNGAN SAKOLA

41



- | | |
|----------------------------------|----|
| A. Maca Jero Haté _____ | 42 |
| B. Ngalisankeun Jawaban _____ | 44 |
| C. Nyebutan Gambar _____ | 44 |
| D. Ngalengkepan Kalimah _____ | 47 |
| E. Nyaritakeun Eusi Bacaan _____ | 48 |
| F. Ngawangun Kalimah _____ | 50 |
| G. Menerkeun Tulisan _____ | 52 |

PANGAJARAN 5: HIRUP BERESIH TUR SÉHAT

53



- | | |
|--------------------------------|----|
| A. Molahkeun Paguneman _____ | 54 |
| B. Ngajawab Pananya _____ | 55 |
| C. Ngalarapkeun Kecap _____ | 56 |
| D. Ngalengkepan Kalimah _____ | 57 |
| E. Ngajembaran Paguneman _____ | 58 |
| G. Nyusun Paguneman _____ | 60 |
| H. Nembangkeun Pupuh _____ | 62 |




PANGAJARAN 6: LINGKUNGAN ALAM SABUDEUREUN URANG _____ 65



- A. Maca Jero Haté _____ 66
- B. Ngalisankeun Jawaban _____ 67
- C. Mikawanoh Kecap _____ 68
- D. Nyusun Kalimah _____ 69
- E. Menerkeun Kalimah _____ 71
- F. Nadomkeun Pupujian _____ 72
- G. Maca Ngajembaran _____ 74

PANGAJARAN 7: MIARA SASATOAN JEUNG TUTUWUHAN _____ 77



- A. Maca Jero Haté _____ 78
- B. Ngalisankeun Jawaban _____ 81
- C. Ngalengkepan Kalimah _____ 82
- D. Nyusun Karangan _____ 82
- E. Ngalarapkeun Kecap _____ 85
- F. Nyusun Omongan _____ 86

PANGAJARAN 8: NGAJAGA KASALAMETAN _____ 87



- A. Ngaregepkeun Kakawihan _____ 88
- B. Ngalisankeun Jawaban _____ 89
- C. Ngahariringkeun Kakawihan _____ 89
- D. Ngalengkepan Kakawihan _____ 91
- E. Ngajembaran Kakawihan _____ 92
- F. Ngalarapkeun Kecap _____ 93
- G. Nembangkeun Pupuh _____ 94

DAPTAR PUSTAKA _____ 96





HIRUP SAUYUNAN



Urang kudu hirup sauyunan. Ayeuna urang niténan
hirup sauyunan dina pupuh.



Ngaregepkeun Tembang

Hayu, regepkeun tuluy tembangkeun!

Regepkeun Ibu/Bapa Guru badé nembangkeun pupuh! Tuluy hidep
babarengan nembangkeun.

Pupuh Pucung

Ari jalma asup kana mahluk hirup,
teu bisa nyorangan,
urang kudu loba wargi,
pikeun hirup babarengan sauyunan.



Sumber: www.regional.kompas.com

Kudu sauyunan reujeung batur,
tulung-tinulungan,
asal batur jadi wargi,
hirup urang jadi loba duduluran.

Silihasih silihasah silihasuh,
jeung papada jalma,
silihtépakeun pangarti,
sangkan urang bisa nambahan kabisa.



Sumber: www.bisnis-jateng.com

Urang kudu silihasah pangaweruh,
nyiar pangabisa,
silihasih ku pangarti,
nu tungtungna bakal loba pangalaman.





B. Ngajawab Pananya

Pék jawab pananya ieu di handap!

1. Jalma téh kaasup kana mahluk naon?
2. Teu bisa naon jalma téh?
3. Kudu loba naon urang téh?
4. Keur naon urang loba wargi?
5. Kudu hirup kumaha jeung batur?
6. Keur naon loba batur?
7. Jeung papada jalma kudu naon?
8. Sangkan naon silih tépakeun pangarti?
9. Urang kudu nyiar naon?
10. Tungtungna bakal kumaha?



C. Mikanyaho Kecap

1. **wargi = dulur**
Urang kudu loba **wargi**.
Urang kudu loba **dulur**.
2. **babarengan = sasarengan**
pikeun hirup **babarengan**
pikeun hirup **sasarengan**
3. **sauyunan = akur**
hirup babarengan **sauyunan**
hirup babarengan **akur**



4. **tulung-tinulungan = silih bantu**
Urang kudu ***tulung-tinulungan***.
Urang kudu ***silihbantu***.
5. **sabilulungan = sauyunan**
Kudu akur ***sauyunan*** reujeung batur.
Kudu akur ***sabilulungan*** reujeung batur.
6. **mimitran = babarayaan**
Hirup gé jadi loba tali ***mimitran***.
Hirup gé jadi loba tali ***babarayaan***.
7. **silihasih = silih pikanyaah**
Jeung batur kudu ***silihasih***.
Jeung batur kudu ***silih pikanyaah***.
8. **papada = masing-masing**
Jeung papada jalma kudu ***silihasah***.
Jeung ***masing-masing*** jalma kudu silihasah.
9. **pangaweruh = kanyaho**
Urang kudu silihasuh ku ***pangaweruh***.
Urang kudu silihasuh ku ***kanyaho***.
10. **tungtungna = ahirna**
Tungtungna bakal loba pangalaman.
Ahirna bakal loba pangalaman.





Nulis Kalimah

Hayu, nulis!

Titénan conto kalimah!

Yadi meuli buku.

Yadi meuli bukuna?

Di mana Yadi meuli bukuna?

Pigawé kawas conto!

1. Déni rék mandi.

Déni rék mandina?

2. Barudak keur arulin.

barudak keur arulinna?

3. Murid keur dialajar basa Sunda.

murid diajar basa Sundana?

4. Nénéng jeung Yési keur sapintrong.

Nénéng jeung Yési sapintrongna?

5. Dadang ngagambar gunung.

Dadang ngagambar gunungna?

Titénan conto kalimah!

Yadi meuli buku.

nu meuli buku?

Saha nu meuli bukuna?



Pigawé kawas conto!

1. Déni rék mandi.
 nu rék mandi?
2. Barudak keur arulin.
 nu keur arulin?
3. Murid-murid diajar ku bu guru.
 nu diajar ku bu guru?
4. Nénéng jeung Yési keur sapintrong.
 nu keur sapintrong?
5. Dadang ngagambar gunung.
 nu ngagambar gunung?



E. Ngalemeskeun Kecap

Hayu urang ngalemeskeun kecap!

Titénan ieu conto!

leungeun = panangan


Dédé dahar ku **leungeun** katuhu.

Dédé dahar ku..... katuhu.

Bapa tuang ku **panangan** tengen.




Pigawé kawas conto!



1. buuk = rambut
Wawan buukna hidep meles.
..... Téh Nénéng téh galing.

2.




tarang = taar
Wawan tarangna tidagor kana panto.
Kang Ujang _____ tidagor kana panto.

3. halis = kening
Jang Nana halisna mani kandel.
Kang Tétén mani kandel.



4. panon = soca
Gunana panon paranti nempo.
Gunana _____ paranti ningal.



5.



ceuli = cepil
Ucing téh ceulina getihan.
Dadang téh _____ getihan.


6.




irung = pangambung
Dina irung Féri aya karang.
Karang dinaTéh Déwi aya dua.

7. pipi = damis
Pipi aya di kénca jeung katuhu.
..... aya di kénca jeung katuhu.

8. huntu = waos
Kudu ngosok huntu unggal poé.
Kang Rudi mah ngosok unggal dintén.



9. biwir = lambey
Biwir Déni dibalemkeun.
Téh Susi..... nuju balem.



10. gado = angkeut
Rudi gadona ticatrok kana méja.
Kang Dadan nuju nyepeng


11.



ramo = réma
Cik, nempo ramo nu belah katu.
..... Téh Yanti mani laléncop.

12. beuteung = patuangan
Wéndi, beuteungna dibaluran ku balsem.
Wanti nuju nyeri _____.

13.



suku = sampéan
Nana, sukuna titajong kana batu.
Téh Wiwin _____ titajong kana batu.





Nembangkeun Pupuh

Hayu urang nembang!

Ieu aya pupuh Pucung. Ayeuna urang tembangkeun babarengan. Engké giliran saurang-saurang.

Akur jeung Batur



*Hé barudak urang kudu loba batur,
ngarah duduluran,
jauh rasa hiri dengki,
mana komo ka batur bari culika.*

*Hirup guyub babarengan reujeung batur,
ihlas tina manah,
ulah pisan sirik pidik,
henteu jail ngaganggu ka babaturan.*

*Sobat dalit sarua baé jeung dulur,
Silihpijanyaah,
daék ngahibur keur sedih,
lamun urang eukeur nandangan kasusah.*





G. Nyangkem Pupuh

Pék lengkepan ieu kalimah!

1. Hé barudak urang kudu loba
2. Urang kudu jauh tina rasa hiri
3. Mana komo ka batur bari
4. Hirup babarengan jeung batur.
5. Barang gawé kudu ihlas tina
6. Henteu kaniaya ka babaturan
7. Sobat dalit sarua baé jeung
8. Sobat dalit bisa
9. Daék ngahibur nu keur
10. Sobat dalit bisa ngahibur mun urang nandangan



H. Ngalengkepan Kalimah

Pék lengkepan!

1. sobat dalit = babaturan deukeut
Urang kudu boga sobat dalit.
Urang kudu boga



2. hiri dengki = goréng haté
Ulah sok hiri dengki ka batur téh.
Ulah sok ka batur téh.
3. guyub = akur
Hirup kudu guyub jeung batur.
Hirup kudu jeung batur.
4. culika = jail
Budak culika mah sok pada mikangéwa.
Budak mah sok pada mikangéwa.
5. sirik pidik = dengki
Ulah sok sirik pidik mun batur boga untung téh.
Ulah sok mun batur boga untung téh.
6. kaniaya = telenges
Henteu hadé sok jail kaniaya ka batur téh..
Henteu hadé sok ka batur téh.
7. nandangan = ngarandapan
Kudu ngahibur nu keur nandangan kasusah.
Kudu ngahibur nu keur kasusah.





Nyaritakeun Gambar

Ieu di handap aya sawatara gambar. Pék caritakeun!

Conto:



Didi jeung Wawan keur silihcekel.

Pigawé kawas conto!



Hardi keur



Susan keur





Néndah keur



Bébén keur



Angga ka nu
barangmaén.





Hidep tangtu sok ulin jeung babaturan boh di imah boh di luareun imah. Ayeuna urang diajar kagiatan atawa ulin dina wangun bacaan.



Ngaregepkeun Bacaan

Pék regepkeun tuluy praktékkeun!

Ieu di handap aya bacaan ngeunaan kaulinan. Ku Ibu/Bapa Guru rék dibacakeun, ku hidep regepkeun, tuluy praktékkeun! Lebah kawihna hariringkeun babarengan.

Pacublek-cublek Uang



Di sakola, hidep tangtu boga babaturan. Aya babaturan anu dareukeut aya babaturan anu jauh. Babaturan dareukeut disebutna sobat dalit. Ari babaturan jauh mah disebut babaturan waé. Babaturan anu dareukeut mah sok bareng di mana waé. Upamana mun urang jajan ka warung sok babarengan. Kitu deui, mun di kelas sok diuk sabanguku. Mun aya nanaon sok nulungan jeung ngabéla urang.



Di sabudeureun imah ogé, urang tangtu boga batur ulin. Jumlahna bisa duaan atawa tiluan. Néng Uni ogé boga batur ulin. Aya Risa, Héna, jeung Yanti. Tiluanana sok ulin babarengan. Kawas harita, Risa, Héna, jeung Yanti keur arulin di imahna Néng Uni. Katempona layout pisan. Sakuduna urang jeung babaturan silihajénan jeung silihtulungan.

Ceuk Néng Uni téh, “Urang pacublek-cublek uang, yu!”

“Hayu.” Risa ngajawab bareng.

“Kumaha carana, Ni, Yanti mah hilap deui?” ceuk Yanti ka Néng Uni.

“Ih, gampang. Kieu carana nya. Sok masing-masing dampal leungeun urang keupeulkeun, tuluy simpen di handap. Engké Uni jadi indung nyaéta purah mepegan. Jadi, Uni bakal neunggeulan peureup Risa jeung Yanti. Leungeun nu kénca ogé sarua dikahandapkeun.

“Tuluy kumaha, Ni?” Ceuk Yanti nanya deui.

“Engké bari mepegan peureup Risa jeung Yanti, Uni bakal ngawih. Kieu kakawihanana téh.”

*Pacublek-cublek uang,
Si Ujang maung lentér,
matata-matiti
Si Titi mau kawin
pa emh, pa emh emh.....*

“Tah, engké nu peureupna kapepeg pangpandeurina (bareng jeung panungtungan kakawihan), kudu rikat disumputkeun ka tukang. Tuluy indung mepegan peureup



nu séjénna deui bari angger kakawihan tepi ka anggeus (peureup saréréa geus aya di tukang). Saha nu peureupna pangheulana dikatukangkeun, éta nu kagiliran mepegan (jadi indung) dina balénan nu kadua. Kitu jeung kitu wé”. Uni nerangkeun mani capétang.



B. Nyangkem Eusi Bacaan

Pikeun maham eusi bacaan, pék jawab ieu pananya.

1. Urang tangtu boga naon?
2. Babaturan deukeut disebutna naon?
3. Sok kumaha waé ari babaturan deukeut?
4. Kumaha babaturan deukeut mun di kelas?
5. Mun aya nanaon, sok kumaha babaturan deukeut?
6. Arulin naon barudak awéwé téh?
7. Dikumahakeun dampal leungeunna?
8. Budak nu purah mepegan peureup batur disebutna naon?
9. Di kamanakeun leungeun nu sabeulah deui?
10. Urang jeung babaturan kudu kumaha?



C. Nyangkem Harti Kecap

Pok caritakeun, terus kawihkeun!

Ieu di handap aya kecap-kecap. Pék titénan, tuluy inget-inget!

1. ulin = ameng

Maranéhna **ulin** babarengan.

Maranéhna **ameng** babarengan.



2. babarengan = sasarengan
Mun urang jajan ka warung sok **babarengan**.
Mun urang jajan ka warung sok **sasarengan**.
3. nulungan = mantuan
Mun aya nanaon sok **nulungan**.
Mun aya nanaon sok **mantuan**.
4. sabudeureun = sakurilingeun
Di **sabudeureun** imah, urang tangtu boga batur ulin.
Di **sakurilingeun** imah, urang tangtu boga batur ulin.
5. pangpandeurina = pangtukangna
Nu peureupna kapepeg **pangpandeurina** kudu disumputkeun.
Nu peureupna kapepeg **pangtukangna** kudu disumputkeun.
6. mepegan = neunggeulan
Tuluy indung **mepegan** peureup nu séjénna.
Tuluy indung **neunggeulan** peureup nu séjénna.
7. balénan = balikan
Éta nu kagiliran mepegan dina **balénan** nu kadua.
Éta nu kagiliran mepegan dina **balikan** nu kadua.
8. layeut = alakur
Barudak katempona **layeut** pisan.
Barudak katempona **alakur** pisan.



9. capétang = pinter ngomongna
Uni nerangkeun mani **capétang**.
Uni nerangkeun mani **pinter ngomongna**.



D. Nyaritakeun Eusi Bacaan

Pék caritakeun deui bacaan “Pacublek-cublek Uang” téh! Lebah kakawihanana, alusna mah kawihkeun.

1. Saha waé nu arulin pacublek-cublek uang téh?
2. Kumaha prak-prakanana “Pacublek-pacublek Uang” téh?
3. Kumaha kakawihan “Pacublek-pacublek Uang” téh?



E. Ngalarapkeun Kecap

Contona:

deukeut \Rightarrow dareukeut

Aya babaturan anu **deukeut** aya babaturan anu jarauh.

Barudak téh imahna **dareukeut** jeung sakola.

Pigawé cara conto!

1. kumpul \Rightarrow

Tilu budak kumpul di imah Uni.

Para siswa keur di buruan sakola.



2. jauh \Rightarrow

Adang mah imahna jauh ka sakolana.

Di lembur mah, barudak téh ka sakolana.

3. indit \Rightarrow

Yudi indit ka sakola isuk-isuk.

Nu rék ka sawah téh geus bieu.

4. ulin \Rightarrow

Tiluanana keur ulin di imahna Néng Uni.

Barudak awéwé keur di pos Ronda.

5. ngariung \Rightarrow

Néng Uni, Risa, Héna, jeung Yanti ngariung tiluan.

Nu rék kerja bakti geus di sisi lapang.

6. ngajawab \Rightarrow

Yudi ngajawab pananya ti Bu Guru.

Waktu ditanya, barudak cicing teu

7. dipeureupkeun \Rightarrow

Leungeun Féri dipeureupkeun.

Sok ayeuna leungeunna



8. dikeupeulkeun ⇒

Sanggeus namprak, leungeun Néng Uni
dikeupeulkeun.

Barudak téh leungeunna.

9. cicing ⇒

Risa jeung Yanti cicing deukeut tangkal jambu.

Geura prak digawé, ulah baé atuh.

10. nginum ⇒

Héna nginum maké cangkir pelastik.

Hayam téh keur dina wadah cai nu
disadiakeun.



Ngajembaran Kaulinan

Pék baca jeung petakeun!

Lalandakan

Barudak lalaki keur karumpul. Kabéhna aya limaan.
Aya Yudi, Rangga, Wawan, Acép, jeung Réja. Arulinna di
lapang badminton. Kabeneran keur teu dipaké.

“Urang ulin lalandakan, yu” ceuk Yudi ka babaturan-
ana.



“Hayu....hayu.....”. Barudak séjén méh bareng ngajawab.

“Enya resep, sakalian olahraga wé.” ceuk Rangga.

“Eh, enya. Wawan mah poho deui carana kumaha?”

“Kieu carana mah. Ari lalandakan téh hartina niru-niru landak. Salasaurang di antara urang aya nu “jadi landak”. Nu jadi landak kudu ngabeberik babaturan séjénna bari ngorondang. Engké eureun-eureun mun aya babaturan nu kacabak atawa katoél.

“Saha nu pangheulana jadi landakna?” ceuk Wawan nanya deui.

“Ih, aya carana atuh. Urang kakawihan heula. Réngsé kakawihan, nu katunjuk jadi landakna. Hayu geura urang kakawihan.” Ceuk Yudi bari ngong kakawihan. Kieu kakawihanana téh.



*Landak-landak sonari,
kop cau kop tiwu,
hakaneun sia janari,
bekel miang ka Batawi,
kop jurig jarian,
kop jurig tangkod,
kop juring pacilingan,
kop jurig onom....*

Kitu Yudi kakawihan bari curukna diacung-acung. Palebah omongan “kop jurig onom....”, curuk Yudi nunjuk ka lebah Réja. Réja landakna. Atuh Réja tuluy ngorondang ngungudag babaturanana ka ditu ka dieu. Nu diarudag tingalacir lalumpat bari tingcéréwét. “Aya landak! Aya landak!” cenah.

Hayu ngajawab pananya

Pék jawab pananya ieu di handap!

1. Keur naraon barudak lalaki téh?
2. Saha waé nu karumpul téh?
3. Di mana barudak téh arulinna?
4. Arulin naon barudak téh?
5. Saha nu mimiti ngajak ulin téh?
6. Naon hartina lalandakan téh?
7. Sakalian naon cenah lalandakan téh?
8. Cau jeung tiwu téh keur dahareun iraha?
9. Cau jeung tiwu téh keur bekel ka mana?
10. Jurig naon waé nu disebutan ku barudak téh?





Ngahartikeun Kecap

Titénan!

1. niru-niru = nurutan
Ari lalandakan téh hartina **niru-niru** landak.
Ari lalandakan téh hartina **nurutan** landak.
2. ngabeberik = ngudag-ngudag
Nu jadi landak kudu **ngabeberik** babaturan séjénna
Nu jadi landak kudu **ngudag-ngudag** babaturan séjénna
3. ngorondang = leumpang ku leungeun jeung suku
Nu jadi landak kudu **ngorondang**.
Nu jadi landak kudu **leumpang ku leungeun jeung suku**.
4. janari = subuh-subuh
Cau jeung tiwu hakaneun sia **janari**.
Cau jeung tiwu hakaneun sia **subuh-subuh**.
5. Batawi = Jakarta
Cau jeung tiwu bekel miang ka **Batawi**.
Cau jeung tiwu bekel miang ka **Jakarta**.
6. tingalacir = lumpat bari ajret-ajretan
Nu diarudag **tingalacir**
Nu diarudag **lumpat bari ajret-ajretan**.



7. tingcéréwét = tinggéréwék
Barudak keur **tingcéréwét**.
Barudak keur **tinggéréwék**.



Ngalarapkeun Kecap Anteuran

Tulis saperti conto!

Conto:

kop

Kop jurig jarian tah méré.

..... jurig jarian tah méré.

Kop jurig jarian tah méré.

Pigawé cara conto!

1. jol
Ragga datang.
2. gék
 Wawan diuk.
3. jung
 Yudi nangtung.
4. berebet
Barudak téh lalumpatan.
5. térékél
Jang Adun téh naék kana tangkal jambu.



6. léos
Ngan wéh Maman téh indit.
7. jrut
Mamah turun tina béca.
8. trét
Réza téh tuluy nulis dina keretas sacewir.
9. gorowok
Atuh baé Yudi téh ngagentraan babaturanana.
10. nyéh
Basa panggih jeung Wa Iding, Yana imut.



Nyebutan Ngaran Bubuhan jeung Tatangkalan

Hayu urang nyebutan ngaran bubuhan jeung tatangkalan!

Dina bacaan di luhur aya kalimah kieu:

*Kop cau kop tiwu....
Cau saturuy.*

Kecap cau téh kaasup ngaran bubuhan. Sebutan kana cau biasana saturuy. Tangtu réa kénéh ngaran bubuhan téh. Ayeuna hidep nyebutan ngaran bubuhan atawa tatangkalan.



Pilih jawaban ku kecap nu aya gigireunana.

1. sapérékét.
2. sapapan.
3. samanggar.
4. saleunjeur.
5. sahéktar.

- A. kalapa
- B. awi
- C. jéngkol
- D. tanah
- E. peuteuy

Pék sebutan naon ngaranna. Pilih jawaban nu aya gigireunana!

6. Buah nu carucukan tur seungit disebut
7. Buah nu ngagonyok loba cucukan disebut
8. Buah nu bareureum loba buluan disebut
9. Buah nu semu amis jeung haseum disebut
10. Buah nu buleud kulitna semu konéng disebut

- A. rambutan
- B. mélon
- C. kadu
- D. jeruk
- É. salak





Sakur jalma hirup mah boga pancén atawa tugas sapopoé. Ari tugas sapopoé téh bisa di imah bisa di sakola atawa di tempat gawé. Ayeuna hidep bakal diajar salasahiji pancén sapopoé.




A. Maca Jero Haté

Pék baca tuluy titénan!

Ieu di handap aya wacana narasi. Pék baca ku hidep dina jero haté, tuluy titénan eusina!

Pancén Yudi

Yudi téh budak bageur. Di sakolana ogé pinter. Yudi pada mikaresep ku batur-baturna. Atuh sobat-sobatna ogé réa pisan. Keur mah ka sasaha ogé Yudi mah soméah. Tara pipilih babaturan.



Isuk-isuk Yudi geus saged rék sakola. Tara kabeurangan Yudi mah. Da hudangna ogé sok isuk kéneh pisan. Subuh-subuh Yudi mah geus mandi. Tara poho disabun jeung ngosok huntu. Mun geus mandi, sok dielap ku anduk.

Ku kituna, Yudi mah séhat tur berséka.



Réngsé mandi tuluy asup ka kamer. Rap maké baju jeung sarung. Tuluy ngamparkeun sajadah. Cong Yudi solat subuh. Geus réngsé solat mah, sajadahna ditilepan deui. Teu pohoeun deuih, sarung ogé ditilepan.

Yudi ngaganti sarung ku calan saragam sakola. Bari ngeunteung, Yudi rarat-rérét ka luhur ka handap. Ceuk pikirna, bisi aya nu kaliwat jeung teu rapih. Dasina nu ngagantung dina beuheungna dibenerkeun. Kitu deui kancing bajuna nu pangluhurna diomékeun. Topina ogé tara poho dipakédina sirahna.



Méméh sakola, Yudi sok sasarap heula. Diwurukan ku mamahna sangkan teu salatri. Sasarap isuk-isuk téh alus keur kaséhatan. Tangtu waé mekelan tanagana keur diajar di sakola. Diajar di sakola ogé jadi getol lantaran teu lapar. Kana mikir jeung narima pangajaran jadi sayaga. Diajar bisa nyorangan bisa babarengan jeung babaturan. Saméméh diajar urang kudu ngadu'a heula.





B. Ngajawab Pananya

Sanggeus maca wacana di luhur, ayeuna ku hidep jawab ieu pananya. Ku Ibu/Bapa guru rék diucapkeun. Kitu deui, hidep ogé kudu ngajwabna ku lisan.

1. Kumaha watek Yudi téh?
2. Kumaha Yudi di sakolana?
3. Kumaha sobat-sobat Yudi?
4. Kumaha sikep Yudi ka batur?
5. Iraha Yudi mandina?
6. Tara poho naon mun Yudi mandi?
7. Kumaha kaayaan awak Yudi téh?
8. Geus ngamparkeun sajadah, tuluy naon Yudi téh?
9. Réngse solat dikumahakeun sajadah téh?
10. Keur naon Yudi ngeunteung?
11. Dina naon dasi téh cicingna?
12. Ari topi paranti nutupan naon?
13. Sasarap téh ngarah teu naon?
14. Mun sasarap, tanaga urang bakal kumaha?
15. Mun aya tanaga, kumaha dina narima pangajaran?



C. Mikaweruh Kecap

Titénan ieu kecap-kecap téh, tuluy ucapkeun tur ingetkeun!

1. ***mandi = ibak***

Subuh-subuh Yudi mah geus ***mandi***.

Subuh-subuh Yudi mah geus ***ibak***.



2. **soméah = lemah-lembut**
Ka sasaha ogé Yudi mah **soméah**.
Ka sasaha ogé Yudi mah **lemah-lembut**.
3. **saged =siap-siap**
Isuk-isuk Yudi geus **saged** rék sakola.
Isuk-isuk Yudi geus **siap-siap** rék sakola.
4. **ngeunteung = ngaca**
Bari **ngeunteung**, Yudi rarat-rérét ka luhur ka handap.
Bari **ngaca**, Yudi rarat-rérét ka luhur ka handap.
5. **sayaga = siap**
Kana mikir jeung narima pangajaran jadi **sayaga**.
Kana mikir jeung narima pangajaran jadi **siap**.
6. **getol = rajin**
Yudi mah **getol** diajarna ogé.
Yudi mah **rajin** diajarna ogé.



Nyaritakeun Eusi Bacaan

Pok caritakeun!

Caritakeun deui eusi bacaan “Rajin” di hareupeun babaturan.

Nu kudu dicaritakeun téh:

1. Kagiatan Yudi isuk-isuk.
2. Kagiatan Yudi sanggeus mandi.
3. Kagiatan Yudi sanggeus solat.
4. Kagiatan Yudi saméméh sakola.





Ngalarapkeun Undak Usuk Basa

Hayu urang titénan!

Conto:

mios = indit

Abdi mios ka sakola.

Bapa angkat ka kantor.

Eusikeun kecap-kecap ieu di handap kana tempat nu dikosongkeun!

nyandak

ngadangukeun

mastaka

sumping

nyarios

siram

panangan

ngagaleuh

teu damang

waos

1. dongkap =

Rudi dongkap ti sakola.

Bapa Rudi ti Jakarta.

2. ngupingkeun =

Abdi ngupingkeun radio.

Bapa ogé nuju radio.



3. ngabantun =

Abdi ka sakola ngabantun sapédah.

Bapa guru mah ka sakola motor.

4. nyanggem =

Abdi nyanggem ka bu guru.

Bu guru ka bapa kapala sakola.

5. mészér =

Abdi mészér roti ka warung.

Pa guru mah roko ka warung.

6. udur =

Rudi téh teu sakola lantaran udur.

Pa guru da teu ngawulang.

7. mandi =

Sateuacan ka sakola, abdi mandi heula.

Sateuacan angkat ka kantor, Bapa heula.



8. sirah =

Dadan téh sanggemna nuju nyeri sirah.

Aya wartos pa guru téh nuju nyeri

9. huntu =

Wawan pipina kembang keur nyeri huntu.

Kang Dadang ogé nuju nyeri

10. leungeun =

Lamun dahar kudu maké leungeun katuhu.

Upami tuang kedah nganggo tengen.



Maca Ngajembaran

Baca terus titénan eusina!

Ieu di handap aya kabiasaan sapopoé anu hadé. Baca dina jero haté, tuluy titénan eusina.

Kabiasaan

Isuk-isuk Yudi indit ka sakola. Saméméh indit sok uluk salam heula ka mamahna. Ka sakolana sok bareng jeung sobat-sobatna. Yudi sok nyoréndang kantong buku. Laleumpangna sok sisi jalan belah kénca. Tara ngaréndéng lobaan laleumpangna téh. Ari sababna, mun leumpang ngaréndéng, sok ngahalangan jalan batur.





Datang ka sakola tara langsung asup ka kelas. Sok ngarariung heula hareupeun kelas. Lamun bu guruna datang, barudak sok baris. Barisna hareupeun lawang kelas. Saméméh asup ka kelas, dipariksa kuku heula. Unggal budak dipariksa kukuna saurang-saurang. Anu kukuna beresih disina asup ka kelas.

Di kelas barudak diuk dina korsi bari sidakep. Saméméh dialajar, barudak ngadu'a heula. Ngadu'a ditungtun ku ibu atawa bapa guru. Barudak ngabandungan guru saregep pisan. Tara ieuh hareureuy. Balageur barudak téh. Sagala piwuruk guru diperhatikeun enya-nya. Sangkan sagala rupa pangajaran babari katarimana.

Diajar téh tugas jeung kawajiban urang sapopoé. Ku kituna, urang kudu diajar sing suhud jeung rajin. Ulah sok melid komo bari jeung diajar lalawora. Ari sababna, diajar téh gedé gunana keur urang. Mun teu diajar soso-soso bakal kaduhung ahirna. Engké urang jadi sedih lantaran goréng niléyna. Ari babaturan jaligrah lantaran aralus niléyna.



Ngadiskusikeun eusi bacaan

Sok diskusi terus jawab pananya!

Ayeuna hidep kudu ngajawab ieu pananya. Pék babarengan jeung batur sabangku!

1. Saméméh sakola, Yudi sok kumaha heula ka mamahna?
2. Naon nu dibawa ku Yudi ka sakola?
3. Mun geus datang ka sakola, sok naraon barudak téh
4. Dikumahakeun kuku barudak ték ku guru?
5. Bari kumaha barudak diuk dina korsi?
6. Saméméh diajar, barudak sok naon heula?
7. Kudu kumaha urang kana sagala piwuruk guru?
8. Naon kawajiban urang sapopoé jadi budak sakola?
9. Kudu kumaha urang diajar boh di imah boh di sakola?
10. Urang bakal kumaha mun teu diajar soso-soso?



Ngalengkepan Kalimah

Hayu pigawésaperti conto!

Contona:

indit = ***mios***

Isuk-isuk Yudi ***indit*** ka sakola.

Isuk-isuk Yudi ***mios*** ka sakola.

Pigawé cara conto!

1. uluk salam = ngucapkeun salam
Méméh indit sok uluk salam heula ka mamahna.
Méméh indit sok heula ka mamahna.



2. nyoréndang = ngagantungkeun dina taktak
Yudi ka sakola nyoréndang kantong buku.
Yudi ka sakola kantong buku.
3. ngarariung = karumpul
Isuk-isuk barudak geus ngarariung di buruan sakola.
Isuk-isuk barudak geus di buruan sakola.
4. dipariksa = dititénan
Kuku ramo barudak dipariksa saurang-saurang.
Kuku ramo barudak saurang-saurang.
5. ngadunga = nunuhun ka Gusti Alloh
Saméméh diajar barudak ngadunga heula.
Saméméh diajar barudak heula.
6. ditungtun = dipingpin
Ngadunga ditungtun ku ibu atawa bapa guru.
Ngadunga ku ibu atawa bapa guru.
7. jaligrah = ijigimbrang bari atoh
Babaturan jaligrah lantaran aralus niléyna.
Babaturan lantaran aralus niléyna.
8. lalawora = gagabah
Ulah sok melid komo bari jeung diajar lalawora.
Ulah sok melid komo bari jeung diajar



9. suhud = getol
urang kudu diajar sing suhud jeung rajin.
urang kudu diajar sing jeung rajin.
10. kaduhung = hanjakal
Mun teu diajar soso-soso bakal kaduhung ahirna.
Mun teu diajar soso-soso bakal ahirna.



H. Migawé Pancén

Hayu migawé pancén!

Tah ayeuna pancén hidep, nyebutan deui kabiasaan sapopoé séjénna. Hidep cukup ku ngalengkepan kalimah nu dikosongkeun.

1. Hudang saré hidep sok tuluy
2. Isuk-isuk hidep sok
3. Saméméh ka sakola, hidep ka mamah sok
4. Saméméh dahar, hidep sok
5. Lamun geus dahar, hidep sok
6. Saméméh mondok, hidep sok
7. Lamun mandi hidep sok
8. Lamun diajar hidep kudu
9. Lamun leumpang hidep kudu
10. Lamun panggih jeung guru kudu



Pengajaran

4

LINGKUNGAN SAKOLA



Lingkungan sakola béda jeung di imah. Lingkungan kudu dipiara. Hidep kudu diajar miara lingkungan sakola.



Maca Jero Haté

Ieu di handap aya wacana. Eusina perkara cara miara lingkungan sakola.

Pék baca dina jero haté!


Di Sakola Yudi

Yudi sakolana di SD Guna Darma. Pernahna di Jalan Guna Darma. Buruan sakolana ogé lega pisan. Barudak sok arulin di buruan sakola. Antara barudak awéwé jeung lalaki tara campur, tapi sok misah. Barudak awéwé sok arulin ucing-ucingan. Ari barudak lalaki mah sok méngbal ku bal pelastik.



Barudak geus dialajar beberesih di sakola. Aya nu sasapu di kelas aya nu di luar kelas. Aya nu sok ngelapan kaca atawa mupus bor. Mun aya runtah sok dicokot kana wadah runtahkeun. Kaayaan lingkungan sakolana beresih tur raresik. Atuh tempat diajarna ogé matak genaheun. Kayaan tiis tingtrim. Atuh bahan pangajaran ogé babari katarimana.

Murid-murid geus dilatih dibéré tanggung jawab. Ari carana ku dibéré tugas pikét. Saban poé tugas pikétna béda-béda. Poé Senén tugas pikétna Yudi, Wawan, jeung Risa. Poé Salasa nu pikétna Nénéng, Yuni, jeung Ahmad. Yana, Lilis, jeung Rani mah kabagéan poé Rebo. Ari poé Kemis nu pikétna Dudi, Ratna, jeung Topik.



Tinggal dua poé deui tugas pikét murid-murid. Poé Jumaah jeung Saptu nu pikétna béda deui. Poé Jumaah nu pikétna bagéan Asép, Hadi, jeung Risna. Nu pikét poé Saptu aya Tasya, Yuda, jeung Réndi. Barudak téh pikétna soso-soso tara males. Da rumasa geus dibéré tanggung jawab ku guruna. Mémang tanggung jawab téh kudu dilaksanakeun enya-nya. Pagawéan téh ari digarap babarengan mah karasana hampang. Saméméh prak digawé barudak ngadu'a heula





B. Ngalisankeun Jawaban

Hayu urang tulis terus lisankeun!

Ayeuna hidep kudu ngajawab pananya. Jawaban dituliskeun heula, engké dilisankeun.

1. Di mana Yudi sakolana?
2. Sok kumaha barudak di buruan sakolana?
3. Arulin naon barudak lalaki di buruan sakola?
4. Geus dialajar naon barudak di sakolana?
5. Mun aya runtah sok dikumahakeun?
6. Kumaha kaayaan lingkungan sakola?
7. Murid-murid geus dilatih naon?
8. Dibéré tugas naon barudak téh?
9. Kumaha barudak téh pikétna?
10. Naon nu kudu dilaksanakeun enya-nya téh?



C. Nyebutan Gambar

Hayu urang titenan gambar!

Sebutan gambar ieu di handap jeung naon gunana!

Contona:



Sapu nyéré gunana
paranti di buruan

Sapu nyéré gunana paranti
sasapu di buruan.



Pigawé kawas conto!

1.



Sapu injuk gunana paranti
sasapu di

2.



Wadah runtah gunana
paranti

3.



Embér téh gunana
paranti

4.



Pamupus gunana
pikeun



5.



Elap tina lamak gunana
paranti

6.



Pamupus bor gunana
paranti

7.



Patlot warna gunana
paranti


8.



Mangkok cai gunana
paranti



9.



Kapur gunana
paranti

10.



Kamocéng gunana
paranti



D. Ngalengkepan Kalimah

Hayu urang ngalengkepan kalimah!

Lengkepan kalimah ieu di handap ku kecap-kecap nu dikurungan.

beberesih
mupus
dipulungan

sasapu
miceun
mantuan
mérésan

ngelapan,
ngangkut
ngeprukan,

1. Barudak keur korsi di kelas .
2. Keretas nu barala di kelas keur ku barudak.



3. Déwi keur di buruan sakola.
4. Jajang bu guru némpélkeun gambar.
5. Bandi kaca jandéla ku elap.
6. Réndi kekebul dina méja ku kamocéng.
7. Panji cai ku émbér.
8. Ari runtah kudu kana wadahna.
9. Barudak keur di jero kelas.
10. Atuh ari bor mah kudu ku pamupus.



E. Nyaritakeun Eusi Bacaan

Hayu urang maca, tuluy caritakeun eusina!

Ieu di handap aya bacaan. Ku hidep baca heula dina jero haté, tuluy caritakeun deui.

Pasapon

Pasapon téh jalma tukang sasapu. Di sakola Yudi ogé aya pasapon. Ari ngaran pasaponna Mang Barna. Manéhna sok nyapuan buruan sakola. Sapu nyérena digagangan ku kai panjang. Runtah-runtah dangdaunan sok digundukkeun. Mun geus digundukkeun, tuluy runtahna diduruk.

Mang Barna téh bageur pisan. Imahna aya di tukangeun sakola.



Jaba ti sasapu, Mang Barna téh sok ngonci sakola. Sakabéh panto jeung jandéla dikonci. Kitu deui panto gerbang sakola sok dikonci. Ari isuk-isuk panto gerbang sakola sok dibuka. Tapi pasosoré mah gerbang sakola téh ditutup.



Najan aya pasapon, barudak sok mantuan beberesih. Utamana mah beberesih di jero kelas. Unggal poé barudak nu beberesih béda-béda. Ari kabagéan beberesih mah kumaha jadwal pikétna. Miara kaberesihan téh tanggung jawab urang saréréa.

Beberesih di sakola kudu dilaksanakeun. Tujuanana sangkan sakola beresih tur asri. Mun lingkungan urang beresih, kaayaan matak séhat.

Hayu nyaritakeun deui ku basa sorangan

Bacaan “Pasapon” téh caritakeun deui ku basa hidep sorangan.



Hal-hal anu kudu dicaritakeun deui:

1. Di sakola aya saha?
2. Naon tugasna pasapon?
3. Sok maké naon pasapon beberesihna?
4. Sok dikumahakeun runtah téh?
5. Kumaha watek Mang Barna?
6. Di mana imahna Mang Barna?
7. Saha nu sok ngonci sakola?
8. Kumaha panto gerbang sakola mun isuk-isuk?
9. Kumaha barudak téh ka pasapon?
10. Naon tujuan beberesih di sakola?



Ngawangun Kalimah

Hayu urang titénan!

Titénan kecap dina ieu kalimah:

ngonci \Rightarrow **dikonci**

Mang Barna téh sok **ngonci** panto gerbang sakola.

Panto gerbang sakola téh sok **dikonci** ku Mang Barna

Pigawé cara conto di luhur!

1. mupus \Rightarrow

Rijki mupus bor maké pamupus.

Bor ku Rijki maké pamupus.



2. ngelap \Rightarrow
Déwi keur ngelap kaca jandéla.
Kaca jandéla keur ku Déwi.
3. meuli \Rightarrow
Barudak meuli cilok di pipir sakola.
Cilok ku barudak di pipir sakola.
4. nulis \Rightarrow
Murid-murid keur nulis kalimah.
Kalimah keur ku murid-murid.
5. maca \Rightarrow
Yadi keur maca buku basa Sunda.
Buku basa Sunda keur ku Yadi.
6. ngarang \Rightarrow
Barudak keur ngarang sajak.
Sajak keur ku barudak.
7. ngagambar \Rightarrow
Wéndi keur ngagambar gunung.
Gunung keur ku Wéndi.
8. ngariung \Rightarrow
Barudak keur ngariung Kang Nandi.
Kang Nandi keur ku barudak.



9. ngajul ⇒
Kang Undang keur ngajul buah.
Buah keur ku Kang Undang.
10. ngeduk ⇒
Mang Dadi keur ngeduk solokan.
Solokan keur ku Mang Dadi.



Menerkeun Tulisan

Hayu urang menerkeun tulisan!

Titénan ieu conto kalimah!

hamperu lauk téh mun kadahar karasana pait.
Hamperu lauk téh mun kadahar karasana pait.

Kalimah ieu di handap, ku hidep benerkeun cara nulis aksara gedéna. Pigawé kawas conto!


1. nénéng melak kembang dina pot.
2. yudi sakola di sd sukamaju.
3. rangka keu diajar maca.
4. ajat téh putrana bu euis.
5. bapak awitna ti tasik.
6. dédé boga ucing dua.
7. di lembang réa sapi diingu.
8. barudak keur arulin di buruan.
9. dadang resep macaan buku carita.
10. urang kudu diajar apik jeung berséka.



Pangajaran

5

HIRUP BERESIH TUR SÉHAT



Hirup urang kudu beresih ngarah séhat. Beresih téh bisa dina awak, pakéan, bisa dahareun jeung inumeun. Ayeuna hidep bakal diajar hirup beresih tur séhat dina paguneman.




Metakeun Paguneman

Hayu urang maca terus metakeun paguneman!

Ayeuna hidep bakal diajar paguneman. Ieu di handap aya paguneman. Baca heula dina jero haté, tuluy polahkeun! Cara-cara maca jeung molahkeun paguneman bakal diaping ku Ibu/Bapa Guru.

Apik jeung Berséka



Di jero kelas, Yudi jeung Bébé keur ngalobrol.

Yudi : Bén, ari Rangka ka mana teu sakola?

Bébé : Ih, kapan gering Rangka mah.

Yudi : Ti iraha geringna?

Bébé : Ti poé Kemis.



Yudi : Gering naon kitu Rangga téh?
 Bébé : Éta nyeri beuteung. Cenah poé Rebo jajan és.
 Yudi : Ih atuh, Rangga téh sok jajan tambarakan.
 Bébé : Enya nu matak ogé. Urang téh kudu apik dina dahar.
 Yudi : Ih, lain barang dahar wungkul. Pakéan ogé kudu berséka, ulah odoh.
 Bébé : Da saenyana atuh. Saur mamah ogé, pakéan kudu beresih. Diseuseuhna kudu disabunan. Mun geus dipoé, disetrika. Urang kudu hirup beresih jeung séhat. Kaberesihan téh kaasup sabagian tina iman.

Yudi jeung Bébé ngarandeg ngalobrolna lantaran babaturanana geus arasup deui ka kelas. Kadéngé sora bél disada. Tanda istirahat geus béak. Teu kungsi lila Bu Guru lebet ka kelas. Atuh barudak nu keur ribut téh, ngadadak jempé.



B. Ngajawab Pananya

Pék jawab ieu pananya!

1. Saha nu keur ngalobrol téh?
2. Ari nu gering téh saha?
3. Gering kunaon cenah?
4. Balukar kunaon geringna téh?
5. Urang ulah jajan nu kumaha?
6. Kudu kumaha urang dina dahar?
7. Kudu kumaha urang dina maké pakéan?
8. Sangkan beresih, kudu dikumahakeun pakéan téh?
9. Maké naon nyeuseuh pakéan téh?
10. Ngarah rapih, kudu dikumaha pakéan téh?





Ngalarapkeun Kecap

Hayu urang titénan!

Conto:

tambarakan = sagala didahar

Rangga téh sok jajan ***tambarakan***.

Rangga téh sok jajan ***sagala didahar***.

Pigawé kawas conto!

1. apik = taliti
Urang kudu apik dina dahar.
Urang kudu dina dahar.
2. berséka = apik
Urang kudu ngajaga awak sing berséka.
Urang kudu ngajaga awak sing
3. odoh = jorok
Ulah odoh kana papakéan.
Ulah kana papakéan.
4. kokocok = kukumbah
Mun rék dahar kudu kokocok panangan heula.
Mun rék dahar kudu panangan heula.



5. dikumbah = diberesihan
Piring kotor kudu dikumbah heula.
Piring kotor kudu heula.
6. tengi = hapeuk
Kadaharan nu geus tengi matak jadi panyakit.
Kadaharan nu geus matak jadi panyakit.
7. dituruban = ditutupan
Nyimpen dahareun kudu dituruban bisi ku laleur.
Nyimpen dahareun kudu bisi ku laleur.



D. Ngalengkepan Kalimah

Hayu urang ngalengkepan kalimah!

Lengkepan kalimah nu dicopongkeun ku kecap-kecap nu aya gigireunana!

1. Méméh dahar, urang kudu
leungeun heula.
2. Lamun mandi, kudu maké
3. Awak kudu diruru maké
4. Lamun buuk dikuramas, kudu
maké
5. Ari dahar kudu maké leungeun
6. Saméméh reup saré, urang kudu
..... heula.
7. Ari ngosok huntu kudu maké
8. Ari rék indit ka sakola, kudu
..... heula.

- A. katuhu
- B. sikat
- C. pamitan
- D. ngadunga
- E. laleur
- F. kokocok
- G. batu
- H. odol



9. Dahareun kudu ditutupan bisi
ku
10. Sikat keur nyeuseuh béda jeung
..... gigi

I. sampo

J. sabun



Ngajembaran Paguneman

Pikeun ngajembaran kaweruh hidep, pék baca jero haté paguneman ieu di handap, tuluy polahkeun jeung babaturan.

Ka Puskesmas

Randi gering. Ku ibuna dibawa ka Puskesmas. Isuk-isuk kénéh, ibuna Randi geus nyieun surat keur ka sakolana Randi. Tuluy dititipkeun ka Yudi.

Randi : Bu, teu kiat rieut jeung panas tiris.

Ibu Randi : Enya, sabar heula, sakedap deui urang ka Puskesmas.

Randi : Ayeuna wé Bu ka Puskesmasna.

Ibu Randi : Ih, engké heula, Puskesmasna ogé can buka wayah kieu mah.

Randi : Tabuh sabaraha bukana, kitu Bu?

Ibu Randi : Engké tabuh dalapan.

Randi téh geringna harééng. Kamarina tas ulin papanasan, ari héng téh tuluy kahujan. Basa balik ulin, Randi langsung ngahodhod sarta awakna paranas. Ku ibuna dicabak tarangna, enya tarang Randi téh karasana panas.



Kira-kira tabuh dalapan kurang saparat, Randi jeung ibuna indit ka Puskesmas. Di Puskesmas katempo geus réa nu daratang. Atuh ibuna Randi langsung daptar ka lokét. Randi kabagéan nomer lima.


Geus sawatara lila, Randi dipanggil. Tuluy Randi jeung ibuna asup ka rohangan dokter.

Dokter : Saha nu teu damang téh, Bu?

Bu Randi : Ieu pun anak, Randi, rupina mah demam.

Dokter : Sok Randina ngagolér dina kasur.

Randi : Muhun Dokter.



Randi dipariksa ku dokter. Baju Randi disénglédkeun ka luhur. Tuluy dokter ngantelkeun stétoskop kana dada jeung beuteung Randi. Geus kitu, Randi disina diuk deui gigireun ibuna. Randi diukur tekanan darahna.

Dokter : Leres, Bu. Tuang putra téh demam.

Ibuna Randi : Muhun Pa Dokter, kamari téh papanasan teras kahujan.



Dokter : Mangga Bu. Ieu dipaparin obat. Leueut sadinten dua kali. Énjing-énjing sareng sontén.

Ibuna Randi : Mangga Dok.

Geus kitu mah, Randi jeung ibuna kaluar ti rohangan dokter.

Sanggeus hidep maca paguneman di luhur, pék jawab pananya ieu di handap!

1. Gering naon Randi téh?
2. Akibat naon Randi gering téh?
3. Dibawa kamana Randi téh ku ibuna?
4. Ka mana ibuna Randi meuli karcis?
5. Disina kumaha Randi téh ku dokter?
6. Dikumahakeun baju Randi téh ku dokter?
7. Ku dokter, dipariksa maké naon Randi téh?
8. Diantelkeun kana naon stétoskop téh ku dokter?
9. Dibéré naon Randi ku dokter téh?
10. Sabaraha kali obat téh diinumna?



Nyusun Paguneman

Hayu urang nyusun paguneman!

Ieu di handap aya paguneman anu can anggeus. Pék ku hidep lengkepan!

Yudi : Ran, kunaon kamari teu sakola?

Randi :

Yudi : Naon anu karaos?



Randi : Awak karasana tiris.

Yudi : Oh, demam atuh, nya?

Randi : Enya, ceuk ogé demam.

Yudi : Iraha ka dokterna kitu?

Randi : Kamari dua ka tukang.

Yudi : Ka dokter ?

Randi : Eta dokter di

Yudi : Jeung saha ka dokterna?

Randi : Jeung

Yudi : Dikumaha waé ku dokter téh?

Randi : Nya dipariksa, maké alat nu diantelkeun kana dada.

Yudi : Oh, maké stétoskop meureun.

Randi : Enya, maké éta ogé.

Yudi : Disuntik henteu?

Randi : Ah, henteu ngan dibéré wungkul.

Lamun geus dilengkepan, pék paguneman bieu téh polahkeun ku duaan. Sing alus cara maca jeung lentongna.






Nembangkeun Pupuh

Hayu urang nembangkeun pupuh!

Ieu di handap aya pupuh asmarandana. Eusina perkara hirup kudu berséka. Baca heula dina jero haté, tuluy tembangkeun babarengan. Cara nembangna ménta dicontoan ka Ibu/Bapa Guru.

*Éling-éling murangkalih,
kudu apik jeung berséka,
ulah odoh ka panganggo,
mun kotor geuwat seuseuhan,
soéh geuwat kaputan,
ka nu buruk masing butuh,
ka nu anyar masing lebar.*



Sanggeus nembangkeun pupuh, pikeun nyangkem eusina, pék jawab ieu pananya!

1. Murang kalih téh kudu
2. Urang ulah odoh ka
3. Mun pakéan kotor geuwat
4. Lamun pakéan soéh geuwat
5. Kana pakéan buruk masing
6. Ari kana pakéan anyar masing

Dina pupuh di luhur aya kecap-kecap anu perlu diterangkeun hartina. Geura pék titénan contona ku hidep!

éling-éling =sadar-sadar

Éling-éling murangkalih

..... murangkalih

Sadar-sadar murangkalih

Pigawé kawas conto di luhur!

1. murangkalih = barudak
Éling-éling murangkalih.
Éling-éling



2. panganggo = pakéan
Ulah odoh ka panganggo.

Ulah jorok ka

3. geuwat = gancang
Mun kotor geuwat seuseuhan.

Mun kotor seuseuhan.

4. buruk = butut
Ka nu buruk masing butuh.

Ka nu masing butuh.

5. lebar = nyaah
Ka nu anyar masing lebar.


Ka nu anyar masing



Pangajaran

6

LINGKUNGAN ALAM SABUDEUREUN URANG



Urang hirup jeung lingkungan alam. Antara urang jeung alam ngayakeun hubungan timbal balik.



Maca Jero Haté

Hayu urang maca jero haté!

Urang jeung Alam

Urang téh mahluk ciciptan Pangéran. Kitu deui, alam, sasatoan, jeung tutuwuhan. Urang teu bisa leupas tina alam. Geura wé ti mimiti nyeuseup hawa. Sabaraha lobana hawa nu diseuseup ku urang. Mun teu nyeuseup hawa, urang moal bisa ngambekan.



Sumber: www.regional.kompas.com

Keur nginum, urang perlu cai. Kitu deui keur mandi. Isuk-isuk urang bisa moyan lantaran aya cahaya panonpoé. Kitu deui, moé papakéan matak garing ku ayana cahaya panonpoé. Alam dunya ogé bakal poék mongkléng mun euweuh cahaya panonpoé.



Coba hég mun ti peuting. Urang tanggah ka langit, bakal katempo bulan jeung béntang. Bulan moncorong buleud. Mun tengah-tengah bulan, bulan caangna mabra. Ari béntang caangna téh tingkarelip. Mana kitu gé bakat ku jauh.



Sumber: www.forestcreator.wordpress.com

Mun urang keur diuk atawa leumpang, karasa anginna ngahiliwir. Angin sok nebak dangdaunan nepi ka aroyag. Mun gedé mah, angin téh matak gedé bahayana. Tatangkalan bisa rungkad. Kenténg imah ogé bisa ngarapung. Aya angin muih tarik, disebutna angin puyuh.

Lingkungan urang kudu dijaga. Ngajaga lingkungan téh jadi kawajiban urang.



B. Ngalisankeun Jawaban

Pék jawab ku hidep sacara lisan!

1. Manusa jeung alam kaasup mahluk

ciciptan



2. Jalma, sasatoan, jeung tutuwuhan kaasup mahluk
3. Unggal poé urang sok nyeuseup
4. Mun euweuh hawa, urang moal bisa
5. Keur nginum, urang perlu
6. Urang bisa moyan lantaran aya cahaya
7. Alam dunya bakal mun euweuh cahaya panonpoé.
8. Ti peuting di langit aya bulan jeung
9. Bulan moncorongna
10. Ari béntang mah caangna



C. Mikawanoh Kecap

Ieu di handap aya kecap-kecap. Pék ingetkeun!

ciciptan = jieunan

Manusa jeung alam kaasup mahluk **ciciptan** Pangéran.

Manusa jeung alam kaasup mahluk **jieunan** Pangéran.



Lengkepan kalimah-kalimah ieu di handap ku kecap-kecap anu aya gigireunana.

1. Angin téh karasana
2. Ti peuting bulan caang mani
3. Isuk-isukpanonpoé ti wétan.
4. Mun ti peuting, kaayaan poék
5. Ti langit hujan

A. mongkléng

B. ragrag

C. ngahiliwir

D. mabra

E. moncorong



D. Nyusun Kalimah

Hayu urang nyusun kalimah!

Ayeuna hidep diajar nyusun kalimah. Ngarah gampang, titénan heula contona.

dipelak \Rightarrow **melak**

Tangkal kembang sok dipelak ku jalma.

Jalma sok tangkal kekembangan.

Pigawé kawas conto!

1. diseuseup \Rightarrow
Hawa diseuseup ku mahluk hirup.
Mahluk hirup hawa.



2. dikali \Rightarrow

Taneuh dikali ku tukang sumur.

Tukang sumur taneuh.

3. dituar \Rightarrow

Tangkal dituar ku Mang Bébén.

Mang Bébén tangkal.

4. disiuk \Rightarrow

Cai disiuk ku Néni tina bak.

Néni cai tina bak.

5. dirabut \Rightarrow

Tangkal sampeu dirabut ku Kang Ruslan.

Kang Ruslan tangkal sampeu.

6. diundeur \Rightarrow

Daun sampeu diundeur ku Bu Nénéng.

Bu Nénéng daun sampeu.

7. dipetik \Rightarrow

Kembang di buruan dipetik ku Tééh Éma.

Tééh Éma kembang.

8. dipacul \Rightarrow

Tanah kebon keur dipacul ku Mang Karwa.

Mang Karwa keur tanah kebon.



9. diala \Rightarrow

Paré di sawah keur diala ku ibu-ibu.

Ibu-ibu keur paré di sawah,

10. diajul \Rightarrow

Gedang keur diajul ku Mang Yoyo.

Mang Yoyo keur gedang.



E. Menerkeun Kalimah

Ieu di handap aya kalimah. Runtuyanana can merenah.
Ayeuna ku hidep robah runtuyanana sing jadi merenah!

Contona:

hudang - isuk-isuk - kénéh - hudang - geus - Yudi
Kalimahna: *Isuk-isuk kénéh Yudi geus hudang.*

Pigawé cara conto!

1. maca – keur – Yayan – basa Sunda

Kalimahna: _____

2. nyéboran – di buruan – Nési - kembang

Kalimahna: _____

3. di dapur – nuju – mamah – masak

Kalimahna: _____

4. koran – di tepas – bapa – maca – keur

Kalimahna: _____



5. macul – di kebon – keur—Mang Karya
Kalimahna: _____
6. ngaput – mesin -- Bi Inah -- dina – keur
Kalimahna: _____
7. keur—barudak—arulin—di—buruan
Kalimahna: _____
8. santri—keur—barudak—di masigit – ngaraji
Kalimahna: _____
9. tivi—baba-bapa—lalajo—dina—keur – méngbal
Kalimahna: _____
10. Persib—Persija—keur—Si Jalak Harupat—tanding ---
jeung — di
Kalimahna: _____



Nadomkeun Pupujian

Hayu urang nadomkeun!

Dina bacaan di luhur aya kecap “cai” saperti ébréh dina ieu conto.

Keur nginum, urang perlu cai.

Cai sok dipaké mandi jeung susuci. Cai anu bisa dipaké susuci aya tujuh rupa. Geura pék tengetan dina pupujian “Bab Cai”. Ayeuna urang babarengan pupujian.



Bab Cai

*Dupi sadayana cai,
nu sok dianggo susuci,
éta aya tujuh rupi,
walungan anu kahiji.*

*Cai laut kaduana,
cai sumur katiluna,
cai ibun kaopatna,
cai és nu kalimana.*

*Cai nyusu kagenepna,
cai hujan katujuhna,
éta cai sadayana,
sah dianggo susucina.*



Sumber: www.archive.kaskus.us

Sanggeus hidep nadomkeun pupujian di luhur, sangkan paham kana eusina, pék jawab ieu pananya.

1. Aya sabaraha cai nu sok dipaké susuci?
2. Cai naon nu kahijina?
3. Ari cai és nu kasabaraha?
4. Rupa-rupa cai téh sah dipaké naon?
5. Cai naon anu karasana tiis?
6. Ari cai hujan ti mana asalna?
7. Cai laut kumaha rasana?
8. Naon ngaranna cai nu ngaburial tina jero taneuh?
9. Cai naon nu ngagarendang isuk-isuk dina daun?
10. Sah dipaké naon cai nu tujuh rupa téh?





Maca Ngajembaran

Hayu urang maca!

Ieu di handap aya bacaan. Eusina dadaran perkara ngaran patempatan di Sunda. Geura pék baca!

Patempatan



Sumber: utingunying.blogspot.com

Alam Sunda téh éndah tur subur. Tatangkalan rajeg di mana-mana. Daunna héjo ngémploh. Bubuhan meuhpeuy. Cai cur-cor di mana-mana. Aya sampalan aya pasir jeung gunung. Tatar Sunda diwangun ku lemah jeung cai. Urang kudu muji sukur ka Gusti Alloh nu tos maparin kaéndahan alam ka urang

Tempat-tempat téh aya ngaranna. Ngaran tempat luyu jeung kaayaanana. Lantaran loba cai, ngaran tempat di urang mah sok maké *ci-*. Ngaran tempat aya nu sok maké ngaran barang saperti Cibatuk. Aya ngaran tempat maké ngaran sasatoan saperti Cikuy a, Cimaung, Cibadak. Aya deui tempat nu maké ngaran tutuwuhan saperti Cireundeu,



Cirangrang, Cileunyi, Citarum, Ciawi, Cijambé. Tempat ogé bisa waé maké ngaran warna saperti Cibeureum, Cibodas, Cihideung, jeung Cikonéng.



Sumber: www.bandungdailyphoto.com

Lamun kaayaan tempat téh muncugug saperti pasir jeung gunung, nya muncul rupa-rupa ngaran tempat. Ayat empat nu ngaranna Pasirimpun, Pasirjambu, Pasirbatang, jeung Pasirpanjang.

Lamun kaayaan tempat téh baseuh saperti ranca, nya muncul ngaran tempat saperti Rancabango, Rancabuaya, Rancakalong, Rancabolang, jeung Rancamanyar. Aya deui tempat nu maké ngaran rawa saperti Rawabango, Rawamerta, jeung Rawabogo.

Di walungan aya tempat nu caina jero disebutna leuwi. Atuh muncul ngaran tempat saperti Leuwigajah, Leuwiliang, Leuwimunding, jeung Leuwidamar. Di walungan ogé tempat anu caina déét disebutna parung. Nya muncul ngaran tempat Parungpanjang jeung Parungsérab.



Di urang mah tumuwuh rupa-rupa tatangkalan. Munasabah mun réa tempat nu dingaranan maké ngaran tatangkalan. Aya ngaran tempat saperti Kopo, Bihbul, Katapang, Kosambi, Manglid, jeung Garut.

Patempatan téh kudu dijaga jeung dipiara ngarah méré mangpaat ka urang.

Migawé Pancén

Pék jieun dina buku tugas!

Sanggeus hidep maca bacaan nu eusina ngaran patempatan, ayeuna hidep néangan deui ngaran patempatan. Bisa diskusi jeung babaturan. Jieun dina buku tugas!


1. Patempatan patali jeung *ci-* saperti Cinangka,
2. Patempatan patali jeung pasir saperti Pasirimpun,
3. Patempatan patali jeung ranca saperti Rancabolang,
4. Patempatan patali jeung rawa saperti Rawabogo,
5. Patempatan patali jeung leuwi saperti Leuwiliang,



Pangajaran

7

MIARA SASATOAN JEUNG TUTUWUHAN



Manusa téh ciciptan Alloh. Kitu deui, sasatoan jeung tutuwuhan. Manusa butuh ku sasatoan jeung tutuwuhan. Ku kituna, urang kudu mikanyaah sasatoan jeung tutuwuhan.



Maca Jero Haté

Hayu urang maca!

Ieu di handap aya bacaan, Pék baca dina jero haté!

Melak Kembang



Sumber: jurnalistikumsu.wordpress

Ibu resep kana kembang. Téh Nani ogé sami resep kana kembang. Ibu jeung Téh Nani osok melak kembang. Kembang téh aya nu dipelakna dina pot aya nu dina taneuh. Mun dina taneuh, kembang téh dipelak di buruan.

Mun melak kembang, urang kudu daék ngurusna. Pelak kembang téh ulah sina garing. Pelak kembang kudu dicéboran. Kadé poho deuih kudu digemuk. Gemukna bisa dibeuli di toko pertanian.



Mun di kampung mah, di nu ngingu sasatoan, kembang téh sok dibéré pupuk kandang. Di kota mah hésé kandangna ogé. Ku kituna, pelak kembang téh cukup ku pupuk ti toko.

Ari diurusna enya-nya mah, kembang bakal alus jadina. Urang kudu nyaah kana pelak kembang. Pelak kembang téh sarua mahluk ciciptan Pangéran.

Ibu téh melak rupa-rupa kembang. Aya kembang malati jeung sedep malem. Aya deui kembang srangéngé, warnana konéng. Kembang eros ogé aya ku matak lucu.

Jaba ti kembang, ibu téh melak kuping gajah jeung lidah buaya. Malah aya seureuh beureum, anu ngareuy kana tuturus. Seureuh beureum alus keur obat najan rasana pait.



B. Ngalisankeun Jawaban

Pék jawab pananya ieu di handap! Alusna mah jawabanana dilisankeun!

1. Resep naon Ibu téh?
2. Saha deui nu gaduh karesep kawas Ibu?
3. Ibu sareng Téh Nani osok naon?
4. Di mana dipelakna kembang téh?
5. Kumaha ngurusna kembang téh?
6. Kumaha warnana kembang srangéngé téh?
7. Kumaha rasana seureuh beureum téh?
8. Kembang naon nu maké ngaran sasatoan?
9. Ti mana mun urang rék meuli gemuk?
10. Ari di kampung sok aya gemuk naon?





C. Ngalengkepan Kalimah

Hayu urang latihan!

Pék lengkepan kalimah ieu di handap ku kecap-kecap gigireunana!

1. Ibu melak dina pot.
2. Tangkal rambutan téh leubeut.
3. Tangkal sampeu mah dina jerotaneuh.
4. Tangkal téh nyebek kana taneuh
5. Méméh jadi buah, peuteuya salna
6. Buah salak téh ngagonyok jeung
7. Bisa dipaké ubar kumis ucing mah.
8. Buah téh rasana pait.
9. keur meujeuhna lumého.
10. Kembang disebutna méncéngés.

- A. beutina
- B. akarna
- C. buahna
- D. pendul
- É. Kembang
- F. dawegan
- G. paria
- H. céngék
- I. kembang
- J. cucukan



D. Nyusun Karangan

Ayeuna hidep bakal diajar nyusun karangan sederhana. Baca heula contona ieu di handap.

Ngukut Ucing

Angga ngukut ucing. Aya lima kabéhna mah. Anu hiji ucing indungna dikukut ti leuleutik. Opat deui ucing anakna. Ucing anakna jaluna dua, bikangna ogé dua. Nu hiji warnana konéng belang bodas. Nu kadua warnana bodas. Ucing nu warnana hideung ogé jalu, océs pisan. Ari ucing nu bikang warnana bulu hiris.





Sumber: www.oto.detik.com

Miara ucingna getén pisan Angga téh. Unggal poésokdiparaban, disadia-keun cai keur nginumna. Mun hayangeun nyatu, ucing téh sok disarada éong-éongan. Ucing téh sok kakaut kana panto. Ari disimpenna di dapur. Sakalieun panto dapur

dibuka, ucing lalumpatan ka jero imah.

Mun ngukut sasatoan, urang boga tanggung jawab keur ngurusna sarta maraban. Mikanyaah jeung ngurus sasatoan kaasup sabagian tina iman.

Nyusun karangan ku ngalengkepan kecap

Hayu urang nyusun karangan!

Sanggeus maca conto karangan bieu, ayeuna hidep diajar nyusun karangan. Hidep tinggal nyusun runtuyan kalimah nu geus disadiakeun. Hidep cukup ku ngalengkepan kalimah-kalimahna sina jadi paragraf.

Miara Lauk dina Akuarium

Wéndi téh miara lauk dina akuarium. Tacan lila miara laukna ogé. Kakara lima poé. Akuariumna beunang nyieun bapana. Akuarium téh dijieunna tina Kacana anu kandel. Pikeun nyambungkeun tungtung kaca, biasana sok ngagunakeun



Wangun akuarium téh umumna
panjang. Bagian ti tuangna sok ditémpélan gambar
tatangkalan. Jadi, katempona latarna siga jujukutan.



Sumber: aliyamuafa.wordpress

Dina akuarium sok maké alat sangkan
ngaberekbek. Eta téh ngahaja ngarah siga dina cai anu
ngocor kawas dina

Cai ngocor téh matak betaheun kana lauk.

Aya rupa-rupa lauk nu diingu ku Wéndi téh. Aya lauk
koki, sepat,

.....
Ngarah caina beresih, dina akuarium sok dipelakan
lauk sapu. Lauk sapu mah tara géra kawas lauk séjénna,
tapi sok ngadaplok wé dina kaca akuarium.

Lauk akuarium mah aya husus
Eta parab téh bisa dibeuli di toko lauk atawa toko
akuarium. Béda jeung biasa nu aya
di balong. Lauk balong mah parabna ogé bisa huut bisa
.....

Sabulan sakali cai dina akuarium mah kudu
Tujuanana sangkan caina tetep hérang, henteu kiruh jeung
.....

Lamun akuarium dikumbah, lauk-laukna kudu
..... saheulaan kana tempat séjén.






Ngalarapkeun Kecap

Hayu urang titénan!

Wéndi téh miara lauk dina aquarium

Lauk mah hirupna téh dina cai. Tangtu ngabogaan alat husus keur ngambekanana. Ieu di handap aya gambar bagian-bagian tina lauk.




1. Mata lauk aya di **huluna** di gigir.
2. Lauk mah ngambekanana maké **asang**.
3. Lauk bisa nyuruwuk dina cai sabab bogaeun **cécépét**.
4. Méméh diasakan, **sisit** lauk sok dipiceunan heula.
5. **Buntut** lauk mah sok gubay-géboy.

1. Alat paranti ngala lauk

Lamun urang rék ngala lauk, biasana maké alat. Aya rupa-rupa alat paranti ngala lauk. Geura ku hidep titénan.

a.



Useup jeung jeujeur



b.



kecrik

c.




sirib

d.



sair lamit


é.



sair awi

2. Babagian sasatoan

Hayu urang titénan!



Ayeuna jieun kalimah maké
kecap-kecap ieu di handap.


1. pamatuk
2. jawér



3. siih
4. jangjang
5. buntut

3. Bagian tatangkalan

Hayu urang titénan!




Pék ucapkeun ku hidep!

1. Tangkal jambu téh daunna ku hileud.
2. Buah jambu téh mani leubeut.
3. Jambu téh tangkalna rada jangkung.
4. Dahan jambu mah kuat mun ditincak.
5. Méméh jadi buah, biasana kembang heula.

4. Bagian kekembangan

Hayu urang titénan!



Pék ucapkeun ku hidep!

1. Tangkal kembang téh daunna mani haréjo.
2. Kembang téh warnana beureum.
3. Dahan kembang téh aya daunan.
4. Tangkal kembang mah laleutik.
5. Akar tatangkalan aya dina jero taneuh.



Nyusun Omongan

Prak pigawé kawas conto!

Titénan contona:

keur – Yudi – nembang – diajar
Kalimahna: *Yudi keur diajar nembang.*

Pigawé kawas conto!

1. arulin - di - barudak - sakola - buruan
2. kakawihan - bari - barudak - ulin-téh
3. ngawarnaan - Ayi - gambar - keur
4. kembang - keur - Yani - dipelak
5. sajak - keur - Didi - ngarang - diajar
6. balong - Héri - lauk - marab - keur
7. lalajo - Dadang - keur - dina - méngbal - tivi
8. Dédi - gunung - ku - digambar - keur
9. jeung - Uci - kerja kelompok - Nana - di imah Féri
10. ka - istirahat - barudak - tukang dagang - jarajan - waktu





NGAJAGA KASALAMETAN



Saréréa tangtu hayang salamet. Boh salamet di imah boh di perjalanan. Kasalametan kudu dijaga ku urang. Ayeuna hidep bakal diajar ngajaga kasalametan dina wangun kakawihan.



Ngaregepkeun Kakawihan

Hayu urang regepkeun!

Regepkeun Ibu/Bapa Guru badé ngahariringkeun kakawihan! Tuluy hidep babarengan ngahariringkeunana.

Cing Cangkeling

*Cing cangkeling,
manuk cingkleung cindeten,
plos kakolong,
Bapa Satar buleneng.*

Eundeuk-eundeukan

*Eundeuk-eundeukan lagondi,
meunang peucang sahiji,
leupas deui ku nyai,
beunang deui ku santri,
leupas deui ku nini,
beunang deui ku aki.*





B. Ngalisankeun Jawaban

Hayu urang lisankeun!

Jawab ieu pananya, tuluy lisankeun!

1. Naon judulna éta kakawihan téh?
2. Keur naon manuk cingkleung téh?
3. Kamana plosna manuk téh?
4. Kumaha Bapa Satar téh?
5. Kumaha ari eundeuk-eundeukan?
6. Meunang sabaraha hiji peucang téh?
7. Ku saha leupasna peucang téh?
8. Ku saha beunangna peucang téh?
9. Jaba ti ku nyai, ku saha deui peucang leupasna?
10. Jaba ti ku santri, ku saha deui peucang beunangna?



C. Ngahariringkeun Kakawihan

Ieu di handap aya deui kakawihan. Pék hariringkeun babarengan!

Bang bang Kalima-Lima Gobang

*Bang bang kalima-lima gobang, bang
bangkong di tengah sawah, wah
wahéy tukang bajigur, gur
guru sakola désa, sa
saban poé ngajar, jar
jarum paranti ngaput, put
putri nu gareulis, lis
lisung kadua halu, lu*



*luhur kapal udara,ra
ragrag di Jakarta, ta
taun lima puluh hiji, ji
haji rék ka Mekah, kah
kahar tujuh rébu, bu
buah meunang ngala, la
lauk meunang nyobék, bék
béker meunang muter, ter
terus ka Citapén, pén
péna gagang kalam, lam
lampu eujeung damar, mar
mari kuéh hoho, ho
hotel pamandangan, ngan
ngantos Kanjeng Dalem, lem
lempa-lempi lempong,
ngadu pipi jeung nu ompong.*

Sanggeus ngawih, sangkan hidep paham kana eusina,
pék jawab pananya ieu di handap.

1. Di mana ayana bangkong?
2. Ngalakukeun naon guru téh saban poéna?
3. Aya lisung jeung naon?
4. Kumaha kaayaan kapal udara téh?
5. Rék kamana haji téh?
6. Buah téh meunang naon?
7. Ari lauk meunang naon?
8. Anu meunang muter téh naon?
9. Ari péna téh gagang naon?
10. Jeung saha ngadu pipina?





D. Ngalengkepan Kakawihan

Hayu urang latihan!

Dina ieu kakawihan téh aya kecap-kecap anu dicondongkeun. Lengkepan heula ku hidep. Mun geus lengkep, kawihkeun babarengan.

Ucang Anggé

Ucang-ucang ,
mulung *ka papanggé,*
 ku anjing gedé,
anjing *nu Mang Lebé,*
ari gog-gog

gedé
digogog
cungungung
anggé
muncang

Lamun kakawihan di luhur geus dilengkepan, ayeuna lengkepan deui ieu kakawihan di handap.

Néléng Néng Kung

Néng néléng néng ,
geura gedé *jangkung,*
geura *ka Bandung,*
geura makayakeun

sakola
kung
indung
geura



Trang-Trang Koléntrang

Trang- koléntrang,
si londok nundutan,
tikusruk kana
mesat kabuyutan.

durukan

gobang

trang

paéh



E. Ngajembaran Kakawihan


Hayu urang kakawihan!

Pikeun nambah kaweruh hidep, baca heula kakawihan ieu di handap. Geus kitu, kawihkeun babarengan!

Di Dieu Meuncit Reungit

*Di dieu meuncit reungit,
di dinya meuncit domba,
di dieu beuki leungit,
di dinya beuki loba.*

*Di dieu sarikaya,
di dinya kebon eurih,
di dieu henteu aya,
di dinya tambah peurih.*



Wék Wék Dor

*Wék wék dor,
doran pacul,
culak cileuk,
leukeun pisan,*



*sandé kala,
lauk embé,
béas beureum,
reumbeuy kacang,
cang kadelé,
lého sapi,
pindang lubang,
bangkong héjo,
jolijopak jojoliong.*



Ngalarapkeun Kecap

Hayu urang titénan contona!

Conto:

mesat = nyabut

Mang Bagja **mesat** gobang.

Mang Bagja **nyabut** gobang.

Pigawé kawas conto!

1. leungit = euweuh
Di dieu beuki leungit.

Di dieu beuki



2. loba = réa
Di dinya beuki loba.
Di dinya beuki
3. henteu aya = euweuh
Di dieu mah henteu aya.
Di dieu mah
4. tambah = beuki
Di dinya tambah peurih.
Di dinya peurih.



Nembangkeun Pupuh

Hayu urang nembangkeun pupuh!

Jaba ti kakawihan, aya deui nu dihariringkeun téh nyaéta pupuh. Ngahariringkeun pupuh disebutna nembang. Ayeuna hidep bakal nembangkeun babarengan pupuh Pucung. Eusina ngeunaan kasalametan di imah jeung di perjalanan. Ayeuna urang tembangkeun babarengan!

Ati-Ati

*Kana sagala rupa tong gurung gusuh,
ulah lalawora,
nanaon kudu tarapti,
ngarah urang henteu pinanggih cilaka.*

*Kudu nurut kana piwuruk ti sepuh,
nu omat-omatan,
sangkan urang tapis diri,
nyingkahan rupaning nu matak bahaya.*



*Urang kudu bisa ngukur kana kujur,
nimbang kana awak,
tarapti jeung ati-ati,
mun aya di satengahing perjalanan.*

*Mun di jalan kudu inget kana waktu,
ulah sumpang-simpang,
kudu tigin kana jangji,
nu utama kasalametan dijaga.
Kasalametan diri urang jeung batur,
jadi perhatian,
silih titipkeun nya diri,
di antara urang dina kahirupan.*

Pikeun nyangkem pupuh Pucung, ayeuna hidep kudu nganggeuskeun ieu kalimah.

1. Kana sagala rupa, urang entong
2. Kana nanaon, urang kudu
3. Ngarang teu pinanggih
4. Kudu nurut kana piwuruk
5. Urang kudu tapis
6. Urang kudu nyingkahan rupa-rupa
7. Di satengahing jalan kudu
8. Urang kudu tigin kana
9. Nu utama kasalametan kudu
10. Kasalametan urang kudu jadi



Daptar Pustaka

- Danabrata, R.A. 2009. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat.
- Hadi, Ahmad, Spk. 2011. *Peperenian*. Bandung: Geger Sunten.
- LBSS. 2007. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Supriatna, Nana. tt. *Lagu Wajib Nasional & Lagu Sunda Perjuangan Cinta Tanah Air*. Cianjur: Seksi Kebudayaan Kandeptiknas Kabupaten Cianjur.
- Tim Panyusun. 1983. *Kawih Sunda untuk Sekolah Lanjutan*. Bandung: Pusataka Dasentra.
- Wibisana, Wahyu Spk. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda*. Bandung: GegerSunten.

